Bhaibheri re vana

Rinokupai



Samson, munhu waMwari akasimba

Rakanyorwa na: Edward Hughes
Rakafanidzirwa na: Janie Forest; Alastair Paterson
Rakatorwa na: Lyn Doerksen
Rakashandurwa na: Miriam Furusa
Rakabudiswa neve: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada
©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Kare kare munyika yeIsirairi maigara murume ainzi Manoah. Iye nemudzimai wake vainge vasina vana. Rimwe zuva ngirozi yaMwari yakauya kuna mai Manoah. “Muchava nemwana akakosha,” yakataura.



Mai Manoah vakataurira murume wavo nhau dzinofadza idzi. Baba Manoah vakanamata, "Oh Ishe wangu ... zviratidzei kwatiri zvakare. Tidzidzisei kuti tichaita sei nemwana uyu."



Ngirozi yakataurira vaManoh kuti mwana uyu aisafanira kugerwa vhudzi rake zvachose, aisafanira kunwa doro uye pane chimwe chikafu chaaisafanira kudya zvachose. Mwari vakange vasarudza mwana uyu kuti azove mutongi aizotungamira Isirairi.





Vanhu vaMwari vaida kubatsirwa zvechokwadi.

Vakanga vasiya Mwari mukurarama kwavo, mhandu dzavo maPhiristiya dzainge dzovadherera. Asi pavakanamata Mwari akavanzwa. Akavatumira mwana aizova murume akasimba pasi rese.

Mai Manoah vakazvara mwanakomana vakamuti Samson; mwana uyu akakura Mwari vakamukomborera. Mweya waMwari wakatanga kutenderera paari.



Samson akava munhu akasimba zvikuru. Rimwe zuva akarwa nemwana weshumba nemaoko ake asina zvombo akamuuraya.



Imwe nguva Samson akazodya huchi hwakabva panyuchi dzakaitira huchi muchitunha cheshumba yaakange auraya. Samson akazotaura kanyaya kadiki: "Chekudya chakabuda mune chinodya uye chakasimba chakaburitsa zvinotapira."

Hapana munhu aigona kududzira chirahwe ichi, asi mudzimai mutsva waSamson muPhiristia akaudza shamwari dzake, izvi zvakatsamwisa Samson chaizvo.

Samson akatozonyanya kutsamwa pakapiwa mudzimai wake kushamwari yake yepedyo namaPhirisitiya. Akafunga kutsiva. Aizozviita? Chekutanga Samson akabata makava mazana matatu. Akaasunganidza miswe yawo ari mairi mairi ndokuabatidza moto.

Samson akaregedzera makava aye muminda yemaPhiristiya.



MaPhirisitiya akange odawo kutsiva. Samson akatendera kuti abatwe nemaPhirisitiya kuti vamusunge vamuuraye.



Asi mweya waMwari wakadzika pamusoro paSamson. Akadambura tambo dzaaiva akasungwa nadzo. Akanhonga shaya dzedhongi rakanga richangofa akauraya churu chevavengi vake.



Varume vekuPhirisitiya vakatanga kutvaga Samson. Rimwe zuva usiku vakamuwhandira muguta vakamuvhariramo. Samson akabuda muguta akatakura magedhi eguta pamafudze ake.



Asi Samson akatadzira Mwari. Mwari vaimupa simba kana aizovateerera. Rimwe zuva Samson akaudza chakavanzika chesimba rake kuna Delilah musori wemuPhiristia akaisvonaka pachiso. Akabva atuma mumwe murume kuti agere vhudzi raSamson akarara.

Masoja emaPhiristia akabva arwisa Samson mumba yekurara yaDelilah.

Samson akaedza kurwisa zvine simba asi simba rake rakange raenda. Vavengi vake vakamutushura maziso ake. Ava bofu, asisisna simba, vakamuita nhapwa yavo. Vakanyomba nekuseka muranda waMwari.

MaPhiristiya vakaita
mutambo vachipembedza
Dagon Mwari wavo
wehove vachiti ainge
avapa Samson mumaoko
avo. Vainwa nekufara
vari mutembere
yaDagoni. Vakatumira
kuti Samson auye
kuzovavaraidza.



Pane mukomana akauya naSamson akamuzemberesa pamidhuri yaiva yakasimbisa temberi.



Mukati maiva nevaPhirisitiya zviuru zvitatu vamwe vaiva pamusoro petembere nevakawanda vaiva mukati vese vachimutsvinyira. Asi vhudzi raSamson rakanga ratanga kumera ari mujeri. Akanamata akati, "Tenzi Mwari wangu, ndipeiwo simba kamwechete kuti nditsive maziso angu maviri."



Kuti Mwari vaizopa here Samson simba rake zvakare? Kuti Samson aizoita here zvisingagoneke?



HONGU! HONGU! Nesimba guru nekufemereka, Samson akasairira midhuri kwakadaro. Temberi yaDagon yakawondomoka kuita marara ikauraya zviuru zvema Phiristia naSamson wo.

Samson, munhu waMwari akasimba

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa muna

Judges 13-16

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130


Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16